

KISA POU W FÈ APRÈ LIY SÈVIS PLON W LAN FIN RANPLASE

Jodi a, nou te ranplase tout oswa yon pati nan liy sèvis ki nan pwopriyete w la paske li te fèt ak plon oswa tiyo galvanize. Tanpri suiv enstriksyon enpòtan sa yo konsènan flòch tousuit ak pou mentnans, epitou itilize filtè nou te bay la.



IMEDYATMAN FLÒCH TOUT KAY LA

Plonbri lakay ou a ap bezwen flòch pou retire nenpòt sediman oswa debri tankou kal tiyo ki ta ka tonbe pandan yo t ap fè ranplasman an. N ap ede w flòch plonbri w la.

ANVAN ou konsome dlo wobinè a oswa itilize dlo cho, flòch plonbri kay ou a. Konsome gen ladann bwè, fè manje, fè lèt bebe, plen bòl pou bèt oswa itilize aparèy elektwomènaje ki sèvi ak dlo, tankou machin pou fè glas ak distribitè dlo filtre.

1. Jwenn wobinè **dlo frèt** ki pi pre kote tiyo dlo a antre nan kay la (tankou yon atant pou tiyo deyò oswa eyve pou lave veso/rad). Si w ap itilize yon tiyo deyò, tanpri itilize yon kawotchou pou w dirije dlo a lwen kay la an tout sekirite. **Si sa aplikab:** Retire ayeratè tiyo a epi kontounen nenpòt inite trètman dlo nan kay la dapre enstriksyon kote yo fè l la.
2. Ouvri wobinè dlo frèt la nèt epi kite dlo a koule pou **omwen 30 minit**.

Après sa, flòch rès plonbri lakay ou a jan sa parèt pi ba a²:

3. Jwenn tout wobinè dlo frèt ki ale kòmsadwa nan yon eyve/basen, douch, pou benyen oswa lave, epi retire tout ayeratè ak ekran nan tiyo w ap flòch yo. **Si sa aplikab:** Retire tout aparèy k ap filtre yo.
4. Kòmanse nan etaj ki pi ba a nan kay la epi kontinye monte, ouvri tout wobinè dlo frèt yo nan tout kay la. Asire w ou kontwole tout tiyo yo ak kote pou dlo ale pou evite inondasyon.
5. Kite dlo a koule pou **omwen 30 minit** apati dènye wobinè ou ouvri nan etaj ki pi wo a.
6. Fèmen chak wobinè kòmanse nan wobinè ki nan etaj ki pi wo a epi desann jis anba. Netwaye epi ranplase ayeratè yo nan wobinè yo tank w ap pase ladan yo.

ITILIZE FILTÈ YO TE BAY LA

Kòm sa fè pati Revizyon Règleman Plon ak Kuiv Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an te bay nan dat 16 Oktòb 2024, founisè dlo yo dwe distribiye yon filtè bay kliyan yo epi ankouraje yo itilize yon ranplasman liy sèvis plon.

Li rekòmande pou kliyan yo itilize filtè yo te bay la pou tout itilizasyon dlo pou bwè, tankou fè manje, prepare manje, fè lèt pou bebe, fè glas ak plen bòl bèt, pandan pwochen **6 mwa** yo. Ranplase yon liy sèvis plon te parèt li ka lakoz nivo plon an ogmante tanporèman. Lè w itilize yon filtè ki fèt pou retire plon nan dlo potab sa ka redui kantite ekspozisyon w ak plon. Tanpri regade enstriksyon fabrikasyon an sou fason pou w byen sèvi ak filtè a epi kontakte nou si w bezwen yon ranplasman pou katouch filtè a pandan peryòd 6 mwa sa a. Gade pwochen paj la pou plis enfòmasyon.

Anviwon 3 mwa après ranplasman liy sèvis la:

Nap voye yon kat postal pou ou ki gen enfòmasyon sou fason pou w aranje pou yo teste dlo w la pou plon gratis. Rezilta tès ou yo ap pibliye yonfwa yo disponib.

CHAK JOU AK CHAK MWA MENTNANS POU 6 MWA

Lòt etap pou ede redui ekspozisyon gan ladann:

- **CHAK JOU (pandan 6 mwa):** Chak maten oswa nenpòt lè dlo nan wobinè a pat itilize pandan plis pase 6 èdtan, flòch wobinè w la pou **5 minutes** anvan w itilize nenpòt dlo pou bwè, fè manje oswa fè lèt bebe.
- **CHAK MWA (pandan 6 mwa):** Retire epi netwaye tout ayeratè tiyo yo. Aprè 6 mwa, netwaye ayeratè yo de fwa pa ane.

Tanpri note sa: Pwopriyete kay yo responsab pou plonbri anndan lakay yo. Materyèl plonbri tankou tiyo, valv ak soudi ka genyen ti pòsyon plon Flòch materyèl sa yo ka ede redui ekspozisyon potansyèl ou ak plon. Gade do a pou plis konsèy. Si w gen preyokipasyon konsènan plonbri lakay ou a, w ap bezwen kontakte yon plonbye lisansye.

¹ Liy galvanize ki vin aprè tiyo plon an elijib tou pou pwogram ranplasman an.

² Sous: Asosyasyon Ameriken Travay nan Dlo (AWWA)

Si nou dwe fouye wout la, lakou, twotwa oswa kote pou machin antre: N ap bay yon restorasyon sifas ki tanporè epi, si tan an pèmèt sa, n ap konplete travay restorasyon pèmanan an nan anviwon 90 jou pou bay tè a tan pou l byen ranje. **Nòt:** Travay restorasyon pèmanan an ka pran plis tan pandan mwa ivè yo (Soti mi-Oktòb rive kòmansman Avril) an fonksyon de règleman ki gen rapò ak fè devan pòt. Lè sa rive, n ap konplete restorasyon an kon sa posib nan prentan.

KONSÈNAN FILTÈ YO

New Jersey American Water fè tès pou plon ann akò ak egzijans ki an vigè yo. Rezilta tès sa yo montre dlo a reponn ak estanda dlo potab pou sa ki gen pou wè ak plon. Anplis, nou poze aksyon pou nou diminye risk pou gen plon ki soti nan dlo ki nan liy sèvis yo ak nan plonbri kay yo lè nou kontwole pwosesis trètman nou yo epi nou ajoute yon aparèy ki ralanti oswa anpeche korozyon lè sa nesèsè.

Poukisa pou m itilize yon filtè?

Ranplasman liy sèvis plon yo ak kèk sa ki galvanize ka lakòz ogmantasyon plon ki nan dlo a yon fason tanporè. Kòm sa fè pati Revizyon Règleman Plon ak Kuiv EPA yo, founisè dlo yo dwe distribiye yon filtè bay kliyan yo epi ankouraje yo itilize yo aprè yon ranplasman liy sèvis plon. Tanpri revize epi suiv enstriksyon fabrikan an sou bon fason pou w itilize filtè a.

Kilè pou m itilize filtè a?

EPA rekòmande pou itilize filtè yo te bay la pou tout itilizasyon dlo pou bwè, tankou fè manje, prepare manje, fè lèt pou bebe, fè glas ak plen bòl bèt, pandan pwochen **6 mwa** yo. Dlo ki pa filtre ka itilize pou lòt aktivite, tankou benyen.

Èske mwen ka bwose dan m epi itilize dlo pou m benyen?

Wi. Po moun pa absòbe plon nan dlo, epi bwose dan pa yon wout an jeneral ki idantifye fòmèlman ki pou ta ekspozè yon moun. Pou w ka sèten, evite vale gwo gòje dlo pandan w ap bwose dan w lan.

Èske mwen dwe filtre dlo pou bèt domestik mwen yo?

Bèt domestik yo dwe jwenn dlo potab ki filtre tou.

Èske mwen ka bouyi dlo a pito olye mwen itilize filtè a?

Non, bouyi dlo pap retire plon.

Èske mwen ka itilize yon filtè mwen deja genyen?

EPA rekòmande kliyan yo itilize filtè ki sètifye pa NSF Standard 53, ki ka itilize pou retire plon pou dlo potab ak pou fè manje si li antreteni jan fabrikan an rekòmande sa. Pou direktiv sou verifikasyon pou konnen si filtè w la sètifye pou retire plon, gade gid Entènasyonal NSF la sou aparèy filtrasyon sètifye.

Pandan konbyen tan mwen sipoze itilize filtè a?

EPA rekòmande pou w itilize yon filtè pou 6 mwa aprè ranplasman liy sèvis plon ak kèk sa ki galvanize.

Kisa pou m fè lè ti limyè “ranplase filtè” a limen sou filtè m nan? Kisa pou m fè si mwen pa gen katouch ankò?

Katouch filtè a sipoze ranplase lè limyè ki di pou ranplase filtè a limen. Anplis de filtè a, nou ba ou katouch ki fèt pou dire 6 mwa. Si w manke katouch nan espas 6 mwa ranplasman liy sèvis lan, ou ka fè kòmman yon katouch ranplasman anliy lè w eskane kòd QR la epi konplete fòmilè a. Aprè 6 mwa, katouch ranplasman disponib pou achte nan men plizyè detayan.



Èske y ap chaje m pou filtè a?

Non, ou pap peye pou filtè yo ba ou a oswa katouch ranplasman pou 6 premye mwa yo.

Èske mwen dwe retounen filtè a aprè 6 mwa?

Non. Si w vle kontinye itilize filtè a aprè 6 mwa, li enpòtan pou w ranplase katouch la jan fabrikan an mande sa; katouch ranplasman yo disponib pou achte nan men plizyè detayan.

EFÈ PLON SOU SANTE

Selon U.S. EPA, lè moun ekspozè ak dlo ki gen plon li kapab lakòz gwo efè sou sante moun ki nan tout gwoup laj. Li kapab diminye Kosyan Entèlektiyèl (QI) ak kapasite pou konsantre tibebe ak timoun piti yo. Ekspozisyon ak plon kapab lakòz nouvo pwoblèm aprantisaj ak konpòtman oswa li kapab agrave pwoblèm aprantisaj ak konpòtman yo. Piti moun ki ekspozè ak plon anvan oswa pandan gwosès la kapab gen yon risk ki ogmante pou efè sa yo ki pa bon pou sante a. Adilt yo kapab gen risk pou pwoblèm kè, tansyon wo, maladi ren oswa pwoblèm nan sistèm nève ki ogmante.

ETAP OU KA SUIV POU W DIMINYE EKSPOZISYON POTANSYÈL OU AK PLON NAN DLO POTAB

Ou pa ka wè, santi oswa goute plon, e bouyi dlo pap retire plon. Men etap ou ka suiv pou w diminye ekspozisyon potansyèl ou si plon egziste nan plonbri lakay ou.

- 1. Flòch wobinè ou yo.** Plis dlo a chita nan plonbri lakay ou, se plis li ka gen plon. Si dlo nan tiyo w la pat itilize pandan plis pase 6 èdtan, flòch wobinè a ak dlo frèt pandan 30 segonn a 2 minit anvan ou bwè l oswa itilize l pou fè manje. Pou konsève dlo, pran dlo a pandan l ap koule epi itilize l pou w awoze plant ou yo.
- 2. Itilize dlo frèt pou w bwè ak fè manje.** Dlo cho ka gen plis plon pase dlo frèt. Si w bezwen dlo cho pou w fè manje, chofe dlo frèt sou fou a oswa nan maykwowev.
- 3. Yon lè konsa retire epi netwaye tout ayeratè tiyo yo.**
- 4. Tcheke si plonbri anndan yo oswa wobinè w yo gen plon epi ranplase nenpòt si yo genyen.** Gade si w wè etikèt ki make “Lead Free” lè w ap ranplase oswa enstale materyèl plonbri.
- 5. Suiv enstriksyon fabrikan an pou w ranplase filtè pou dlo** nan aparèy elektwomaj, tankou frijidè ak aparèy pou fè glas, ansanm ak inite trètman dlo ak resipyan. Gade si w jwenn filtè sètifye NSF 53.
- 6. Flòch aprè chanjman plonbri.** Chanjman nan liy sèvis ou a, kontè, oswa plonbri anndan ka vin bay sediman, ki ka gen plon, nan distribitè dlo w la. Retire ayeratè a nan chak tiyo epi kite dlo a koule pandan 3 a 5 minit.

OU GEN KESYON?

Imèl: leadfreenj@amwater.com | **Vizite:** newjerseyamwater.com/leadfacts

Pou ijans nan zafè dlo: Nou disponib 24/7 nan 1-800-272-1325.

POU PLIS ENFÒMASYON

Liy Asistans Dlo Potab ki Bon EPA genyen Ozetazini: 1-800-426-4791

Sant Nasyonal Enfòmasyon sou Plon: 1-800-424-LEAD

Si w pa rezide sou pwopriyete sa a, tanpri pataje enfòmasyon sa a ak moun k ap resevwa sèvis dlo nan lokal sa a.